



Get Ready Ministries

Trinite Bondye a

Anvan ke Jezi te monte nan syèl, li te rasanble ak disip li yo, e li di:

Ale fè disip nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. *Matye 28:19*

Laa, nou ka wè ke Jezi devwale bay disip li yo, ke delivrans pèsòn moun pa kapab garanti si li pa soti nan twa pèsòn ki konpoze Bondye yo. Batize yo nan non Papa a, nan non Pitit la ak nan non Sentespri a:

PAPA

PITIT

SENTESPRI

Nou dwe konprann ke, si oken-n nan twa pati sa yo pa ekziste, Bondye pap janmè ka vi'n yon Bondye tout antye. Ekwasyon ki pèmèt nou jwenn egalite Bondye nou an kalkile konsa:

Bondye Papa a + Bondye Pitit la + Bondye Sentespri a = BONDYE

Kite m 'envite nou Jodi ya nan yon moman rezònman, konsa na wè ak klè kisa Bib la di nou nan pawòl saa:

Nan liv Jenèz 1:26 (premye liv nan Sent Bib la) Bondye tap pale de kreyasyon moun, itilize mo "ann fè" pou'l ka idantifye yon ekip ki pral travay anba lòd li, ki vle di: Kite mwen menm Bondye! Ak nenpòt lòt pèsòn ke mwen Letènèl bay pouvwa ak otorite ede nan kreyasyon moun. Lòd sa-a ke Bondye te bay la klèman revele nou ke Bondye li menm pat janm pou kont li depi nan kòmansman.

Epi Bondye di: Ann fè lòm nan ak imaj nou, dapwè resanblans nou. Ya domine sou tout pwason ki nan lanmè, sou tout zwazo ki nan syèl, sou tout betay, sou tout latè, e sou tout bagay grinpan kap ranpe sou tè a. *Jenèz 1:26*

Bondye fè apèl a lòt èt vivan pou ede'l nan kreyasyon tout bagay. Pèsònèlman mwen panse ke èt sa yo pa lòt ke Jezi- Kris ak Espri-Sen an.

Depi nan kòmansman an dapwè liv Jenèz la, Bondye ak Espri li te kòmanse tout bagay. Pawòl la di:

¹Nan **kòmansman**, Bondye kreye syèl yo ak latè. ²Men latè pa't gen fòm, li te vid; Fènwa te kouvri kote kite byen fon. E Espri Bondye t'ap bouje anlè dlo yo *Jenèz 1:1-2*

Kounye la a, nou vin konprann ke non sèlman Bondye, men tou Espri Bondye te la tou depi nan kòmansman an – Pawòl la di: **Espri'L** t'ap bouje anlè dlo yo.

Youn nan bagay mwen ta renmen nou mete nan tèt nou, sè ke tout aksyon sa yo tap pase ekzakteman nan kòmansman an, epi tout aktè ki te enplike yo, yo menm tou tap aji nan kòmansman an.

Deja, nou rive idantifye de (2) aktè, "**Bondye avèk Espri-Sen li.**"

Pou nou egalize ekwasyon an, nou dwe konnen si Pitit la depi nan kòmansman an te patisipe nan aktivite kreyasyon yo tou.

Premye vèsè nan premye chapit liv Jan di:

Nan Kòmansman se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye., e Pawòl la te Bondye. *Jan 1:1*



Get Ready Ministries

Pòsyon sa a nan Bib la di nou ke pa gen okenn diferans ant Bondye ak Pawòl la, e ke Pawòl la te la tou depi nan konmansman an. Nan tout aktivite sa yo, pati ki pi etonan an, e ki pi enteresan, sè ke vèsè 14 la dekri Jezi (Pitit la) tankou Pawòl ki te la depi nan konmansman an:

E Pawòl la te tounen chè, e li te abite nan mitan nou, (e nou te adore glwa li, tankou glwa sèl Pitit Papa-a) ranpli avèk gras e avèk verite. *Jan 1:14*

Se konsa Pawòl la ki te la depi nan konmansman an te tounen chè, sa vle di ke Bondye te fè yon kò pou tèt li (Pitit la) kote nanm li ak Espri-Sen li a ka rete, e konsa, Bondye li menm, sou fòm Jezi Kris kapab la avèk nou, pou'L ka montre nou verite ki nan syèl la.

Se pou nou sonje sa Jezi te di Filip, youn nan disip li yo, lè'l te mande Seyè a pou'L montre'l Papa a. An nou li sa Jan te ekri.

- ⁸ Filip di'l konsa: Seyè, montre nou Papa a, e sa-ap kont nou.
- ⁹ Jezi di li: Se pa jodi-a ke m'avèk nou la-a, e ou poko konnen m toujou, Filip! Yon moun ki wè m li wè Papa a; kòman ou fè di : montre nou Papa a?
- ¹⁰ Ou pa kwè ke mwen nan Papa a, e ke Papa a nan mwen? Pawòl ke map di nou yo la-a, se pa nan mwen menm ke yo sot; e Papa a ki abite nan mwen, se li menm k'ap fè travay sa yo.
- ¹¹ Kwè mwen, mwen nan Papa a, e Papa a nan mwen; kwè omwens akòz de zèw yo. *Jan 14:8-11*

Men, nan tout Bib la Espri-Sen an temwaye ke Jezi-Kris te toujou nan prezans Papa a anvan tout bagay te egziste. Nan liv Pwovèb la, chapit 8, vèsè 22 a 29, nou ka li yon pasaj trè enteresan, yon pasaj ki revele sa ki te la anvan kreyasyon tout bagay:

- ²² Letènèl te genyenm anvan tout zèw li yo, anvan zèw ki nan tan lontan yo.
- ²³ Mwen te fèt depi letènite, depi nan konmansman, anvan latè te egziste.
- ²⁴ Lè pa't gen okenn pwofondè, mwen te la; lè pa't gen okenn pwi chaje ak dlo.
- ²⁵ Anvan montay yo te kanpe, anvan mòn yo te egziste mwen te la.
- ²⁶ Lè li pa't ko menm fè tè a, ni kanpay yo, ni kote ki pi wo pase pousyè mond lan.
- ²⁷ Lè li tap ranje syèl yo, mwen te la; lè'L t'ap trase yon ron sou sifas pwofondè ya:
- ²⁸ Lè li t'ap mete nwaj yo an wo: lè li t'ap ranfòse tout fontèn ki te nan pwofondè ya.
- ²⁹ Lè li te bay lanmè a limit li, pou dlo yo pa depase bòdi, lè li t'ap poze tout fondasyon tè a.

¹⁶ Paske se pa li ke tout bagay te kreye, sa ki nan syèl, ak sa ki sou latè, vizib ak envizib, ke yo se sa kap gouvènen, oswa dominen, otorite, oubyen pouvwa: tout bagay te kreye pa limenm e pou limenm. *Kolosyen 1:16*

- ¹ Bondye, nan diferan lè e ak nan divès manyè te pale nan tan pase ak zansèt yo pa pwofèt yo,
- ² li te nan dènnye jou sa yo pale ak nou pa Pitit li, sila-a ke li te nonmen eritye de tout bagay, pa limenm tou li te fè mond lan; *Ebre 1:1-2*

Avèk referans sa yo, nou ka konkli ke Pawòl la ki te nan konmansman an e ki te vin tounen chè ya te bèl e byen Jezi-Kris, sèl Pitit inik Bondye a.

Se poutèt sa ekwasyon **Bondye Papa a + Bondye Pitit la + Bondye Espri-Sen an = Bondye** ya se yon ekwasyon ki verifye, kidonk se yon verite. Men, sa ke mwen ta renmen ke nou konprann la-a, se desizyon Bondye te pran an, Li pase Jezi ak Espri-Sen an lòd pou yo patisipe nan kreyasyon lèzòm. Li di yo: « an nou fè lèzòm dapwè imaj nou, pòtre ak resanblans nou » "...anvan ke nou ale pi lwen, kite m fè'n konprann ke Bondye Papa a se lokasyon kote tout panse, kwayans ak konviksyon abite, se sa ki egal ak nanm Bondye. An nou fè yon ti reflechi ansanm, si Bondye Papa a se nanm Bondye, nou ka reekri ekwasyon an konsa.

- PAPA = Nanm (Bondye)
- PITIT = Pawòl/kò (Bondye)
- ESPRI-SEN = Espri (Bondye)



Get Ready Ministries

Kòm Bondye pase lòd pou kreye lèzòm daprè resanblans PAPA a, resanblans PITIT la ak resanblans ESPRI-SEN an, konsa lèzòm te kreye avèk yon **nanm** daprè resanblans PAPA a, yon **kò** daprè resanblans PITIT la, ak yon **espri** daprè resanblans ESPRI-SAN an.

An konklizyon, Bondye Papa a ki se nanm Bondye kreye **nanm lòm nan**.

Esprì-Sen Bondye kreye **esprì lòm nan**.

Pawòl ki te tounen chè a: Jezi, pitit Bondye a, kreye **pitit lòm nan**.

E mwen afime ke deklarasyon sa soti nan konviksyon pèsònèl mwen, Jije e analize'l ou menm si ou vle e wè sa ke Seyè ap revele'w.

Kounye ya konprann nan vèsè ki anba la a kisa yon moun ye pou Bondye:

⁷ Epi Seyè Bondye a te fè lòm nan avèk pousyè tè a, e li te soufle nan narinn li yon souf lavi; e lòm nan te tounen you nanm vivan. **Jenèz 2:7**

Nan liv 1 Tesalonisyen, apot Pòl tap pale de konstriksyon yon moun tout antye, yon moun ki pa manke anyen, di konsa:

²³ E Bondye ki bay lapè a sanktifye nou konplètman; e mwen priye Bondye ke tout nou menm esprì, nanm ak kò a, kapab rete san repwòch nan jou ke Seyè Jezi-Cris ta retounen. **1Tesalonisyen 5 :23**

Kounye a, nou wè ke dapwè Bib la, pou yon moun kapab yon moun antye moun sa a ta dwe fèt avèk yon nanm, yon kò ak yon esprì, ki se ekzakteman rezilta lòd Bondye te bay depi nan konmansman an.

Pou'n byen konprann koneksyon ki ekziste ant nanm, kò ak esprì a, nou dwe konnen tou dabò ki jan kominikasyon ant Papa a, Pitit la ak Esprì-Sen an te òganize. Koze sa a se mistè Bondye, yon mistè ki eksplike byen klè nan premye liv Apot Pòl te ekri a Korintyen yo. **1 Korintyen 2:10 Men Bondye te fè nou konnen yo pa Esprì li, paske Esprì Bondye chèche tout bagay, wi, li chèche konn tout sekrè Bondye yo. Remake ke Esprì Bondye al chèche lide Bondye yo, li jwenn ak panse, ak kwayans ak konviksyon Bondye e li revele yo bay Pitit la, e Pitit la, li menm bò kote pa li, viv dapwè panse, kwayans ak konviksyon Papa a.**

Lè nou ap li rès dezyèm chapit nan premye lèt Pòl a Korent yo, nou wè ke sèl fason pou nou konprann bagay ki soti nan syèl la se lè nou resevwa Esprì-Sen Bondye Papa a. Menm jan an tou, lè yon moun konprann bagay ki nan mond sa a, se tou senpleman paske se esprì mond lan ki sou li. Vèsè 16 di nou ke nou dwe konnen sa ki nan lide Bondye, e ke se bay Jezi ke Esprì-Sen an revele bagay ki soti nan fon kè Bondye, e Pitit Gason an, nan kò li, tap fè tout volonte Papa a san tonbe nan okenn peche. Nan fason sa a, Jezi, Pitit la, te resevwa tou sa ki nan Bondye Papa a ak Bondye Esprì-Sen an. Jezi te san pousan (100%) Bondye sou tè a. Nan li menm, nou jwenn nanm, kò ak Esprì Bondye, sa ki te ba l 'pouvwa ak otorite pou l se sè fason pou moun sove:

Mwen se chemen, verite, ak lavi, (Jezi di) pèsòn pa al jwenn Papa a ke pa mwen. **Jan 14 :6**

Jezi, te posede tou sa ki nan Esprì-Sen, li te gen pouvwa pou l revele nou tout sekrè Bondye e li te resevwa tout pouvwa. Li te pwomèt ak tout moun ki kwè nan li, pou'l fè yo kado Esprì-Sen an ak lavi Etènèl:

E Jezi te vini e li te pale ak yo, li di, mwen resevwa tout pouvwa ki nan syèl la ak sou tè a. **Matye 28 :18**

Tande byen, menm relasyon ke Jezi te gen ak Papa a, relasyon sa a rezeve pou nou menm tou. Ou bral mande'm kòman ? E byen repons nan se ekzakteman sa'w bral tande ya la a: Lè nou aksepte Jezi, repanti, e refèt ak dlo e ak esprì, nou vinn renouvle pa san mouton bondye a, konsa nou resevwa Esprì-Sen Bondye, ki li menm a va revele ban nou tout sekrè ki kache nan panse, nan kwayans, ak nan konviksyon Bondye. E nou menm ki rekonèt relasyon nou ak Bondye pa filyè Esprì-Sen an, nan kò nou, nou va pale e nou va aji dapwè volonte Papa a.

Banm di nou! Lè nou finn renouvle pa Esprì-Sen an, nap nòmalkan kòmanse panse tankou Bondye, aji menm jan ke Jezi te konn aji. Konsa, tout nou menm: **nanm nou (kote panse nou, kwayans ak konviksyon nou yo ap viv), kò nou (kote panse nou, kwayans ak konviksyon parèt a klè), lesprì nou (kote nanm nou rive konekte ansanm avèk kò nou),** yo pral transfòmè pa nanm, kò e Esprì Bondye.



Get Ready Ministries

Transfòme pa nanm Bondye, lè Espri-Sen an va revele lide Seyè a ba ou, e ou menm bò kote pa'w ou deside pou'w panse menm jan an. Transfòme pa kò Bondye, lè ou aksepte Jezi kòm Seyè ak Sovè ou, ou ranmase kwa'w e vinn obeyisan menm jan Pitit la te obeyisan ak Papa a. Transfòme pa Sentespri a lè kè ou renmen bagay ki nan Bondye e pèmèt ke lide Bondye (panse, kwayans, ak konviksyon) konekte avèk nanm ou. Ki vle di, lè tout panse, tout kwayans ak tout konviksyon Bondye yo tounen panse ou, kwayans ou ak konviksyon ou

¹⁴ Men lòm natirèl la pa resevwa bagay ki soti nan Espri Bondye, paske se pawòl ki pa gen sans yo ye pou yo: Ni yo pa kapab konprann yo, paske se espiyèlman yo discène.

¹⁵ Men moun espiyèl la jije tout bagay, e li menm li pa jije pa pèsòn.

¹⁶ Paske ki moun ki konn lide Seyè a, pou'l ta ka enstwi li? Men nou menm nou gen sa ki nan lide Kris la. ¹

Korintyen 2:14-16

Timoun, menm si Bib la di ke nou gen sa ki nan lide Bondye, nou dwe fè atansyon pou'n pa kite tèt nou pran nan okenn pyèj Dyab la, li menm tou ap eseye travay nan menm fason ak Bondye, men li itilize yon metòd ki konplètman diferan. Lè pa egzanp Bondye di renmen, Satan di indiféran, Bondye deklare espwa, Satan ankouraje dezespwa, lè Senyè Bondye a pwoklame lafwa, Satan nan fason pa'l vle pou'w pè, e lè'w pè ou pèdi konfyans, lè'w pèdi konfyans, ou kòmanse poze kesyon, lè'w kòmanse poze kesyon, ou konstwi dout, e lè dout yo anvayi'w, ou vin tounen yon moun ki pa kwè nan anyen (yon ate). Sonje byen, Bondye ak Satan se de espri, e se sèl fason ke nou kapab konpare yo. Bondye enfiniman diferan. Bondye pa'm nan ka beni senk pen ak de pwason e bay senk mil moun manje. Bondye pa'm nan ka pale ak yon mas pousyè, e transfòme'l an yon planèt vivab, alòs ke Satan ka itilize sèlman sa ki mal (manti yo), pou konvenk lèzòm pou revòlte kont Bondye. Si yon moun kite Satan anvayi lide'l avèk pwòp panse'l yo, kwayans ak konviksyon, moun sa a ap kondannen pou tout tan ansanm ak Satan avèk tout zanj li yo.

Misyon ke Seyè Jezi te bay Apot yo te byen klè:

¹⁵ E li di yo, ale tou patou nan mond lan e pweche levanjil a tout kweyati ya

¹⁶ Sa ki kwè e ki ta batize ap zove, men sa ki pa kwè ap kondane. **Mak16:15-16**

Nou di'w mèsi pou atansyon ou.